

DEKLARASYON RESPONSABILITE PASYAN CHI AN

Nou, **COMMUNITY HEALTH OF SOUTH FLORIDA, INC.**, nou kontan pou nou se pwofesyonèl swen sante ou ak sèvis ki gen rapò ak sa. Kòm pasyan nou, ou gen "RESPONSABILITE" ki ap ede nou sèvi ou yon fason ki pi rapid ak pi efikas. Sa a se yon patenarya mityèl ki etabli ant ou menm, pasyan nou an (paran oswa responsab pasyan nou an), ak nou, anplwaye pwofesyonèl nan Community Health of South Florida. Akò sa a rele DEKLARASYON RESPONSABILITE PASYAN CHI AN. N ap ba ou yon kopi kòm nou kòmanse swen ou avèk nou, kòm yon rekonesans akò mityèl nou an. N ap konsève yon lòt kopi nan tablo medikal ou an. Mèsi pou opòtinite ou ba nou pou sèvi ou. Kòm yon pasyan Community Health of South Florida, ou RESPONSAB pou:

- ✓ Bay enfòmasyon sante egzat ak konplè konsènan maladi ou te gen deja, kote w te entène lopital, medikaman, alèji ak lòt enfòmasyon enpòtan tankou doktè ou/founisè medikal ou te genyen.
- ✓ Siyale tout chanjman nan eta ou, ou pa t atann ak yo.
- ✓ Patisipe nan devlopman ak mizajou rejim swen sante pèsònèl ou a (oswa sa pitit ou a/depandan an) epi mande plis enfòmasyon konsènan nenpòt bagay ou pa konprann.
- ✓ Swiv rejim swen sante w la.
- ✓ Aksyon ou yo, si ou refize tretman oswa si ou pa swiv rekòmandasyon Community Health of South Florida yo pou swen sante ou.
- ✓ Kenbe randevou pou nenpòt sèvis pwograme nan Community Health of South Florida oswa referans li yo ki gen ladan referans klinik ak finansye
- ✓ Notifye nou si ou pa kapab kenbe randevou w la pou nenpòt ki rezon.
- ✓ Bay Community Health of South Florida a enfòmasyon finansye egzat ak konplè epi pou peye nenpòt kantite lajan ki nesèsè pou klasifikasyon finansye ou.
- ✓ Bay Community Health of South Florida a nenpòt chanjman non, adrès, oswa nimewo telefòn.
- ✓ Ede nou nan kenbe yon anviwònman ki san danje epi pwòp nan swiv règleman Sant lan pou swen pasyan ak konduit.
- ✓ Travay avèk doktè ou/founisè w la pou devlope yon plan jesyon doule ak ede nan evalyasyon doule ou a pou asire yon soulajman doule ki efikas vin yon pati enpòtan nan tretman w lan.
- ✓ Trete estaf Community Health of South Florida a avèk koutwazi ak respè.
- ✓ TIMOUN OU AN. Pa kite yo poukont yo oswa pa kite yo aji yon fason ki ka koz yo blese tèt yo oswa lòt moun.